

Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Nan kòmansman ane a, ou te travay ak plizyè regilarite, ou te aprann kijan pou jwenn règ pou dekri yo. Men yon regilarite ki soti nan Chapit 1.



Tèm 1



Tèm 2



Tèm 3



Tèm 4

Chak nouvo tèm gen yon kare oubyen plis kare ki ajoute a kote li, epi kare yo fèt ak twa kidan oubyen plis kidan. Yon règ ki fè relasyon ant kantite tèm la ak kantite kidan yo se :

$$\text{kantite kidan} = 3 \cdot (\text{kantite tèm}) + 1.$$

Èske w ka itilize règ la pou jwenn konbyen kidan ki ta nan Tèm 5 lan?

Nan chapit sa a, ou pral etidye fason pi senp epi ki pi pratik pou ekri règ pou dekri regilarite - yon seksyon ki enpòtan epi ki fondamantal nan aljèb. Kantite ki chanje rele *varyab*. Pa egzanp, nonm tèm ki anlè a se yon varyab paske li gen valè diferan nan tèm diferan. Si t reprezante kantite kidan yo, epi n reprezante nonm tèm lan, alò règ aljèb la se $t = 3 \cdot n + 1$.

Ou pral etidye tou règ ki aplike nan sitiyasyon toulejou. Pa egzanp, sipoze yon konpayi telefòn mande 3,00\$ pa mwa plis 0,07\$ pa minit pou chak apèl telefonik. Yon fason pou konprann sitiyasyon an se pou prepare yon tablo.

Mwa	Jen	Jiyè	Out	Septanm	Oktòb
Minit	120	90	95	150	80
Pri li koute	11,40\$	9,30\$	9,65\$	13,50\$?

Ou ka ekri yon règ tou pou kalkile bòdwo telefòn lan pou nenpòt mwa si w itilize m pou reprezante kantite minit yo ak c pou reprezante pri a. Si w itilize règ $c = 0,07\$ \cdot m + 3,00\$$, èske w ka jwenn montan bodwò telefòn pou mwa oktòb la ?

Kisa w ka fè lakay ?

Pandan pwochen semenn yo, pare pou w chache règ nan lavi toulejou, tankou chache jwenn pri m biyè sinema oubyen c CD. Mande elèv ou an pou li sèvi ak varyab nan chak sitiyasyon pou li ka ekri règ yo.